# REŃLI SÚWRET SABAQLARÍNDA NATYURMORT HÁM PEYZAJ ISLEW PROCESSINDE STUDENTLER TÁREPINEN JOL QOYÍLATUǴÍN TIYKARǴÍ QÁTELIKLER HÁM OLARDÍ SAPLASTÍRÍW JOLLARÍ

**Xojamuratov Kazahbay Bazarbaevich**
Berdaq atındaǵı QMU "Reńlisúwret hám ámeliy kórkem óner" kafedrası docent.
**Maxambetniyazov Nurmuxammed**
Berdaq atındaǵı QMU "Reńlisúwret hám ámeliy kórkem óner" kafedrası Reńli súwret: (dáskekli) qániygeligi 2-kurs student.

https://doi.org/10.5281/zenodo.20901069

***Qaraqalpaqsha.*** *Maqalada joqarı oqıw orınlarınıń kórkem-óner baǵdarı studentleriniń ámeliy shınıǵıwlar (natyurmort hám peyzaj) dawamında jol qoýatuǵın tiykarǵı teoriyalıq hám ámeliy qátelikleri, olardıń kelip shıǵıw sebepleri hám bul mashqalalardı saplastırıwdıń kórkem-pedagogikalıq metodikası analiz etiledi. Súwretlew sawatxanlıǵın Arttırıwda reńtanıw, kompoziciya hám keńislik nızamlıqların durıs qollanıw boyınsha usınıslar berilgen.*

***Qaraqalpaqsha:*** *reńli súwret, natyurmort, peyzaj, kompoziciya, reńlik munasábetler, refleks, kolorit, kórkem-óner pedagogikası, plener.*

## ОСНОВНЫЕ ОШИБКИ, ДОПУСКАЕМЫЕ СТУДЕНТАМИ В ПРОЦЕССЕ РАБОТЫ НАД НАТЮРМОРТОМ И ПЕЙЗАЖЕМ НА ЗАНЯТИЯХ ПО ЖИВОПИСИ, И ПУТИ ИХ УСТРАНЕНИЯ

***Orıssha.*** *В статье анализируются основные теоретические и практические ошибки, допускаемые студентами художественных направлений высших учебных заведений в процессе выполнения практических заданий (натюрморта и пейзажа), а также причины их возникновения и художественно-педагогическая методика устранения данных проблем. Даны рекомендации по повышению грамотности изобразительного искусства через правильное применение законов цветоведения, композиции и воздушно-пространственной перспективы.*

***Orıssha:*** *живопись, натюрморт, пейзаж, композиция, цветовые отношения, рефлекс, колорит, художественная педагогика, пленэр.*

## MAIN MISTAKES MADE BY STUDENTS IN THE PROCESS OF PAINTING STILL LIFE AND LANDSCAPE IN PAINTING CLASSES AND WAYS TO ELIMINATE THEM

***Inglisshe.*** *The article analyzes the main theoretical and practical mistakes made by fine arts students of higher education institutions during practical assignments (still life and landscape), along with the causes of these mistakes and the artistic-pedagogical methodology for their elimination. Recommendations are provided to enhance art literacy through the correct application of the laws of color science, composition, and aerial-spatial perspective.*

***Inglisshe:*** *painting, still life, landscape, composition, color relationships, reflex, color palette, art pedagogy, plein air.*

## KIRISIW

Joqarı oqıw orınlarında professional kórkem-óner bilimi beriwdiń baslı maqseti - studentlerde tek ǵana dástúriy súwretlew kónlikpelerin qáliplestiriw emes, bálki qorshaǵan ortalıqtı kórkem-estetikalıq túsiniw, reńler álemin kóz benen seziw hám onı kenepte (xolstta) durıs sáwlelendiriw sawatqanlıǵın qáliplestiriw bolıp tabıladı. Reńli súwret sabaqlarında natyurmort hám peyzaj janrları akademiyalıq bilimniń fundamental tiykarı esaplanadı.

Natyurmort – studentke turaqlı jaqtılıq sharayatında kishi keńislikti, buyımlardıń kóllemin, formasın, materiallıq qásiyetlerin hám reńlik munasábetlerin asıqpay úyreniwge imkaniyat berse; peyzaj (ásirese plener sharayatında) – ashıq hawa keńisligindegi dynamic jaqtılıq, reń ózgerisleri hám kórkemlikti úyretiwdiń eń nátiyjeli quralı esaplanadı.

Biraq, pedagogikalıq ámeliyat kórsetkenindey, dáslepki kurstıń kópshilik studentleri reńli súwret islew processinde bir qatar tipik teoriyalıq hám ámeliy qáteliklerge jol qoyadı. Bul qátelikler studentlerdiń kóbinese mektep yamasa kolledj basqıshında tek sxematikalıq ("shártli") sızıwǵa úrenip qalǵanlıǵı hám joqarı oqıw ornında akademiyalıq talaplarǵa beyimlesiwiniń qıyın keshiwi menen baylanıslı.

Bul mashqalalardı óz waqtında anıqlaw hám olardı saplastırıwdıń nátiyjeli metodikasın islep shıǵıw kórkem-óner pedagogikasınıń áhmiyetli máselelerinen bir esaplanadı.

Súwretlew kórkem-ónerin oqıtıw metodikası tarawında P.P. Chistyakov, bilimli pedagoglar B.V. Ioganson, A.A. Debov sıyaqlı ilimpaz-súwretshilerdiń miynetlerinde akademiyalıq reńli súwret sawatxanlıǵınıń tiykarları islep shıǵılǵan. Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan kórkem-óner mektebiniń qáliplesiwinde hám kórkem bilim beriw pedagogikasında Ózbekstan Kórkem akademiyası akademikleri, jergilikli ilimpazlar tábiyattan (natura) tuwrı paydalanıw, palitra menen islewdıń professional kónlikpeleri boyınsha kóplegen izertlewler alıp barılǵan.

Bul izertlewdiń metodologiyalıq tiykarın baqlaw, studentlerdiń ámeliy jumısların analizlew (pedagogikalıq eksperiment) hám metodikalıq ulıwmalastırıw metodları quraydı. Izertlew dawamında Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti “Reńlisúwret hám ámeliy kórkem óner” kafedrası Reńli súwret (dáskekli) baǵdarı 1-2 kurs studentleriniń master-klass hám plener sabaqlarındaǵı jumısları baqlandı hám tahlil etildi.

Studentlerdiń ámeliy jumısların baqlaw nátiyjesinde jol qoyılatuǵın qáteliklerdi eki úlken gruppaǵa bólip úyreniw múmkin: natyurmort sızıwdaǵı qátelikler hám peyzaj (plener) islewdegi qátelikler.

Sheberxana (masterskaya) sharayatında turaqlı jasalma yamasa tábiyiy jaqtılıq astında natyurmort sızıp atırǵanda studentler kóbinese tómendegi qáteliklerge jol qoyadı:

A) Kompoziciyalıq sawatsızqlıq (Formatta durıs jaylastırmaw)

Eń birinshi qátelik – keneptiń formatın (vertikal yamasa gorizontal) durıs tańlamawdan baslanadı. Studentler buyımlardı keneptiń dál ortasına júdá taqap, úlken etip qoyadı (nátiyjede hámme jaqtan qısıp qalǵanday kórinis payda boladı) yamasa buyımlardı júdá kishi etip sızıp, format ishinde buyımlar "joǵalıp" ketedi. Sonday-aq, stolústiniń (gorizontal tegislik) hám fonnıń (vertikal tegislik) qatnasın durıs tabıw mashqalası kózge taslanadı.

B) "Lokal reńge" jabısıp qalıw (Reńlik munasábetlerdi kórmew)

Bul – studentler arasında eń kóp ushırasatuǵın kásiplik keseldir. Mısalı, eger natyurmorttaǵı alma qızıl, geshir sargısh, gúze qońır bolsa, student almanı tek taza qızıl boyaw menen, gúzeni tek qońır boyaw menen boyaydı. Olar buyımǵa tásir etip atırǵan jaqtılıqtıń túsin (jıllı yamasa suwıq), sayanıń ózgesheligin hám eń áhmiyetlisi - átraptaǵı buyımlardıń bir-birine beretuǵın reń tásirin (refleksti) kórmeydi hám esapqa almaydı. Nátiyjede reńli súwret emes, bálki jasalma boyalǵan súwret (raskraska) payda boladı.

C) Formanıń hám kólemniń joq bolıwı ("Applikaciya" effekti)

Reńli súwret – bul reń arqalı buyımnıń formasın hám kólemin (plastikalıq anatomiyasın) jaratıw degen sóz.

Kópshilik studentler buyımnıń jaqtı, yarım saya, óz sayası, refleks hám blik shegaraların túsınbegen halda ulıwma boyap taslaydı. Nátiyjede buyımlar tegis, qaǵazdan kesip jabıstırılǵanday "applikaciya" sıyaqlı bolıp qaladı.

Ashıq hawada (plenerde) islew studentlerden joqarı dıqqat hám kónlikpe talap etedi, sebebi bul jerde jaqtılıq, kóleńkeler hám reńler quyashtıń jónelisine qarab hár 15 - 20 minuttta ózgerip turadı. Bul jerdegi tiykarǵı qátelikler:

A) Hawa perspektivasın túsınbew: Studentler alıstaǵı terekler menen jaqındaǵı tereklerdi birdey qanıqlıqta, birdey reńde sızıwǵa umtıladı. Olar jaqındaǵı obyektlerdi kontrastlı hám anıq, al alıstaǵı obyektlerdi bolsa hawa qatlamı sebepli gúńgirt, jumsaq hám hawa reńi (kókshil - kúl reń) túske iye bolıwın umıtıp qoyadı. Bul bolsa súwrettegi keńislik sezimin joǵaltadı, artqı fon aldıńgı fon menen jabısıp qaladı.

B) "Jasıl reń" mashqalası: Tábiyattı (báhár yamasa jaz peyzajın) sızıp atırǵanda studentler palitradaǵı tayar jasıl boyawdı túwrıdan - tuwrı kenepke súrtedi. Tábiyatta bolsa taza jasıl reń bolmaydı. Quyash nurı astında jasıl japıraqlar sarǵısh - altın túske, kóleńkede bolsa kókshil túske eniwiniń teoriyalıq tiykarların student ámeliyatta qollana almay qıynaladı.

C) Detallastırıwǵa berilip ketiw: Peyzajdaǵı ulıwma koloritti, aspan menen jerdiń, terek penen úydiń óz - ara tonallıq baylanısın kórmesten, student dáslepten - aq tereklerdiń hár bir japıraǵın yamasa úydiń hár bir detalın jeke - jeke sızıwǵa kirisedi. Nátiyjede jumıs shashırańqı, tútaslıqtan uzaq bolıp shıǵadı.

Studentlerdiń joqarıda kórsetilgen qáteliklerin sistemalı túrde saplastırıw hám olardıń akademiyalıq sawatxanlıǵın arttırıw ushın kórkem - óner pedagogikası tómendegi metodikalıq usıldı usınıs etedi:

1. Kishi kóllemdegi etyudlar metodı.

Úlken formattaǵı kenepten jumıstı baslaw studentti sharshatadı hám qáteliklerdi kóbeytedi. Studentke dáslep kishi formatta (A5 yamasa A6 kólleminde) tez 10 - 15 minutlıq qısqa etyudlar isletiw kerek.

Metodtıń áhmiyeti: Kishi formatta student mayda detallardı sızıwǵa jetiwse almaydı, ilajsız túrde tek ulıwma reńlik munasábetlerdi (aspan, jer, obyekt kontrastların) hám ulıwma koloritti tabıwǵa májbur boladı. Bul kózdiń ulıwmalıqtı kóriw qábiliyetin rawajlandıradı.

2. Ulıwmalıqtan jekege hám jekeden ulıwmalıqqa ótiw prinsipi.

Sabaqta student jumıstı detaldan emes, ulıwma fonnan baslawı kerek. Formanı durıs qáliplestiriw ushın tómendegi 3 basqıshlı pedagogikalıq rejenı qollanıw shart:

1-basqısh. Tonal hám reńlik sheshimdi anıqlaw: Keneptiń ulıwma maydanı eń úlken reńlik daqlar (fon, stol, buyımların ulıwma reńi) menen jabıladı. Aq jer qalmawı shárt.

2-basqısh. Modellashtiriw hám detallastırıw: Buyımlardıń jaqtı – saya shegaraları, refleksleri anıqlanadı hám kóllemi shıǵarıladı. Reńlerdiń bir - birine tásiri (mısalı, qızıl almanıń qońır gúzege beretuǵın refleksi) dál tabyw kerek.

3-basqısh. Ulıwmalastırıw: Jumıstıń aqırında jeke mayda detallar ulıwma koloritke boysıntırıladı. Júdá anıq, ajralıp turǵan qátelik reńler jumsartılıp, barlıq buyımlar bir kórkemlik ortalıqqa keltiriledi.

3. Palitrada durıs hám belsendi islewdı úretiw.

Studentlerge tayar boyawdı sol kenepke tuwrıdan tuwrı surtpewdi, bálki palitrada belsendi túrde 3 - 4 boyawdı aralaştırıw arqalı tábiyiy túslerdi tabıwdı úretiw kerek.

Ásirese, peyzajda jasıl reńniń "jasalma" bolıp qalmawı ushın kók hám sarǵısh boyawlarǵa qosımsha túrde oxra, qońır yamasa kúl reń boyawlardı qosıw usıllar hám ámeliy master - klasslar arqalı kórsetip beriliwi shart.

**JUMAQLAW**

Reńli súwret sabaqlarında natyurmort hám peyzaj islew basqıshlarında studentler tárepinen jol qoyılatuǵın qátelikler kóbinese studenttiń teoriyalıq biliminiń joqlıǵı yamasa reńtanıw nızamların ámeliyatta qollana almawı, kózdiń ulıwmalıqtı kórmey, tek mayda detallarǵa jabısıp qalıwı sebepli kelip shıǵadı.

Pedagog tárepinen studentke obyekttiń teksturasın, reńlerdiń bir - birine tásirin (refleksti), jaqtılıqtıń jıllı - suwıqlıq nızamın hám hawa perspektivasın sistemalı túrde, úzliksiz qısqa etyudlar joqllay otırıp túsindiriw kórkem - óner sawatxanlıǵın jedellestiredi. Joqarı oqıw orınlarında bul metodikalıq jandasıwdı qollanıw studentlerdiń keleshekte professional xudojnik hám kórkem - óner sabaqları boyınsha jetik pedagog bolıp jetiswinde áhmiyetli orın tutadı.

**ÁDEBIYATLAR DIZIMI**

1. Ioganson B.V. *Molodim xudojnikam o jivopisi.* – M.: Izdatelstvo Akademii xudojestv SSSR, 1960.
2. Chistyakov P.P. *Pisma, zapiski, vospominaniya.* – M.: Iskusstvo, 1953.
3. Kórkem-óner mektepleri ushın *Reńtanıw hám kompoziciya tiykarları* akademiyalıq sabaqlıqları hám metodikalıq qollanbaları.
4. Súwretlew kórkem-óneri tarawında joqarı oqıw orınları pedagoglarınıń plener hám akademiyalıq reńli súwret máselelerine baǵıshlanǵan ilimiy-metodikalıq maqalaları.